



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL APLODI APWOBASYON PACB POU AKÒ FINANMAN
ISTORIK LA POU REDEVLOPLE PENN STATION, REVITALIZE KATYE
OZALANTOU A**

Etap enpòtan avanse pwopozisyon Gouvènè a pou renove Penn ak finanse domèn piblik ak amelyorasyon transpò piblik san yo pa ogmante taks oswa tarif sou Nouyòkè yo

Eleman pwojè yo enkli rekonstriksyon estasyon ak agrandisman potansyèl; jiska 708 inite lojman abòdab ak sipò; spas ouvè ki vibran; ak amelyorasyon nan lari yo, trotwa, ak enfrastrikti transpò piblik

Vòt apre apwobasyon Konsèy ESD a nan kad Plan Pwojè Jeneral Penn Station lan

Enfòmasyon sou finansman, depans, ak pataje depans pwojè a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a bat bravo pou vòt Komisyon Kontwòl Otorite Piblik (Public Authorities Control Board, PACB) pou apwouve yon kad finansye ki sipòte pwopozisyon li pou rebati ak potansyèlman elaji Penn Station ak reaktive zòn ozalantou a. Vòt inanim lan make yon etap enpòtan nan aktyalizasyon plan Gouvènè a, ki gen ladan l konstriksyon yon nouvo estasyon tren modèn; jiska 1,800 inite lojman - ki gen ladan plizyè santèn inite lojman abòdab ak sipò - espas biwo tou nèf, dènye modèl; 3 ekra tè nan espas ouvè; ak amelyorasyon nan lari yo, twotwa yo, ak enfrastrikti transpò lokal yo. Li afime tou angajman Eta a pou reyalize pwojè a san yo pa ogmante taks sou Nouyòkè yo oswa tarif yo pou pasaje transpò piblik yo.

Semèn pase a, Konsèy Administrasyon Empire State Development lan te vote pou apwouve Plan Pwojè Jeneral (General Project Plan, GPP) Pwojè Amelyorasyon Sivik ak Itilizasyon Tè Zòn Estasyon Pennsylvania (Pennsylvania Station Area Civic and Land Use Improvement Project), vizyon Gouvènè Hochul pou re-imaginer Penn Station ak zòn ki ozalantou a.

"Pandan twò lontan, Penn Station se yon dezòd ki gen twòp moun, ki restrenn, epi ki neglije. Vòt sa a se yon etap enpòtan nan plan nou pou ranje Penn Station ak transfòmè katye ki ozalantou a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo merite yon

estasyon yo ka fyè de li, bon jan kalite lojman abòdab pou yo rele lakay yo, lari ak twotwa ki pratik pou pyeton, ak aksè fasil pou transpò piblik. Plan sa a pral bay tout sa ak plis ankò. Mwen remèsye Komisyon Kontwòl Otorite Piblik yo pou apwobasyon pa yo, epi mwen pa ka tann angajman kontinyèl yo avèk patnè eli yo, lidè kominotè yo, ak lòt moun ki gen enterè yo pandan n ap fè pwojè sa a avanse pou pi devan epi n ap bay yon estasyon ke New York merite."

"Pandan plizyè deseni yo te pale de bati yon nouvo Penn Station, men kounye a nou gen yon opòtinite inik pou delivre yon estasyon diy pou pi gwo vil nan mond lan", **Majistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare**, "Jenerasyon Nouyòkè k ap vini yo pral wè nouvo Penn Station lan kòm prèv ke Vil Nouyòk ka reyalize gwo bagay, menm pandan moman difisil yo. Mwen bat bravo pou PACB pou vòt istorik sa a, ki pral pote yon sant transpò klas mondyal, bon jan kalite travay, ak lojman abòdab ki nesèsè anpil nan vil nou an. Mwen vle tou remèsye Gouvènè Hochul, ansanm ak Gouvènè Murphy ak patnè nou yo nan MTA, Amtrak, ak NJ Transit, paske yo te demontre ke gouvènman an ka travay rapidman epi yon fason kolaboratif pou 'Fè bagay yo Mache.'"

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Vizyon Gouvènè Hochul genyen pou yon Penn Station klas mondyal ak yon katye revitalize ozalantou a se transfòmasyon pozitif Nouyòkè yo merite depi lontan. Non sèlman plan an se yon sityasyon gányan gányan pou pasaje yo, rezidan yo, ak vwayajè yo, li se tou yon katalis solid pou devlopman ekonomik alontèm nan New York. Devlopman ki oryante nan direksyon transpò piblik se yon modèl kwasans dirab, epi nou fyè de pwosesis piblik ouvè pwojè sa a te sibi nan de dènye ane yo, ki te ranfòse pa opinyon gwoup sivik yo ak manm kominote yo ki te fè tandè vwa pa yo epi ki te ede amelyore plan an."

Vòt PACB la fèmen yon [akò](#) ant Gouvènè Hochul ak Majistra Vil Nouyòk Eric Adams sou yon kad finansye pou finanse rekonstriksyon estasyon an ak ekspansyon potansyèl, amelyorasyon domèn piblik, ak amelyorasyon nan enfrastruktir transpò piblik. Estrikti a asire ke Vil la kenbe yon nivo aktyèl ak konsistan nan revni enpo sou pwopriyete pandan l ap egzije ke finansman pwojè a soti an pati nan devlopman prive. Nan kad akò a, Vil la ak Eta te angaje yo pou yo etabli yon antite gouvènans vil-eta pataje pou sipèvizè amelyorasyon domèn piblik yo an kowòdinasyon ak Atravè Gwoup Travay nan Domèn Piblik Penn Station (Penn Station Public Realm Task Force) lan.

Novanm pase a, Gouvènè Hochul te anonse yon [vizyon konplè](#) //pou yon nouvo katye klas mondyal nan Penn Station ki mete pasaje yo an premye ak katye ozalantou ki revitalize ki reflekte bezwen kominote a ak konsantre sou transpò piblik ak amelyorasyon nan domèn piblik. Plan Gouvènè a priyoreze rekonstriksyon estasyon ki egziste a pandan ekspansyon estasyon an ak inisyativ Pwojè Tinèl Gateway Hudson lan - ke Gouvènè a sipòte tou de - kontinye ap avanse. Dapre plan an, Nouyòkè yo ka atann:

- Yon estasyon tren modèn, nan yon sèl nivo, wotè doub ki double espas sikilasyon pasaje yo sou nouvo nivo piblik la soti apeprè 123,000 pye kare rive apeprè 250,000 pye kare.
- Jiska 1800 inite rezidansyèl, (landan yo gen jiska 708, oswa prèske 40 pousan nan inite yo, ki ta dwe lojman abòdab oswa sipò);
- 3 ekta tè nan espas ouvè ki vibran.
- Twotwa ki pi laj, lari pataje pou pyeton yo, nouvo plas pou pyeton yo, ak liy bisiklèt pwoteje.
- Prèske de fwa plis antre Penn Station lan ak nouvo koridò anba tè ki konekte 34th Street-Herald Square ak Penn.
- Yon seri sèvis sosyal pou sipòte moun ki fè fas ak sitiwayasyon sanzabri ak moun ki gen twoub itilizasyon sibstans ak maladi ki pwodui an menm tan.

Nan jen, [Gouvènè Hochul te anonse](#) pwojè rekonstriksyon Penn Station lan te antre nan faz konsepsyon epi te lanse yon demann pou pwopozisyon pou konsepsyon nouvo Penn Station lan. Yo prevwa ke yo pral anonse prim yo nan sezon otòn lan.

Plan Gouvènè Hochul la vini apre plis pase dezan angajman kominotè, ki gen ladan plis pase 100 reyinyon piblik ki te òganize pa Devlopman Empire State (Empire State Development, ESD) ak yon ane kòmantè piblik pou mande opinyon ak rekòmandasyon katye yo. Plan final la se yon repons dirèk fas ak kòmantè piblik ki soti nan ofisyèl lokal yo, manm kominote yo, òganizasyon sivik yo, ak lòt moun ki gen enterè yo.

Gen plis enfòmasyon sou pwojè a, ki gen ladan finansman pwojè a, depans ke yo prevwa, pataje pri, ak revni ki soti nan devlopman prive, ki disponib [sou sit entènèt ESD a](#).

Tom Wright, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal la (Regional Plan Association, RPA), te deklare, "Pandan twò lontan, vwayajè rejyon an ak Nouyòk yo te sibi imilyasyon Penn Station lan - yon senbòl tout bagay ki te mal nan planifikasyon 20èm syèk la: dezinvestisman, mank enterè ak move konsepsyon iben. Pandan ke Penn Access ak Gateway ap avanse, sa ap pote plis pasaje, enèji ak koneksyon nan distri a, nou kontan wè renovasyon ak ekspansyon Penn Station franchi yon gwo etap pou pi devan gras ak lidèchip ak patenarya solid Gouvènè Hochul ak Majistra Adams. Ak opinyon ofisyèl eli yo, manm kominotè yo ak moun ki gen enterè yo, piblik la te genyen amelyorasyon enpòtan nan plan an ki gen ladan plis pase 700 nouvo inite lojman abòdab, angajman pou amelyore domèn piblik la, ak redwi dansite komèsyal la. Nou toujou gen anpil wout pou nou franchi, men plan sa a mete an mouvman amelyorasyon enpòtan nan Penn Station ak distri ki antoure a ki pral benefisye vwayajè yo, biznis yo ak rezidan yo pou plizyè deseni k ap vini yo."

Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Partnership for New York City a, te deklare, "Apwobasyon premye faz plan ke yo t ap tann depi lontan pou rekonstwi Penn Station se yon etap enpòtan nan direksyon rezijans New York aprè pandemi an. Kowoperasyon ant Gouvènè a, Majistra a ak Lejislati eta a te rann pèsè sa

a posib epi li se yon presedan ki pwomèt pou modènizasyon kontinyèl nan enfrastrikti transpò nou yo ak kwasans ekonomi nou an."

Melva M. Miller, PDG Association for a Better New York, te deklare, "Nou pran angajman pou fè New York avanse pou pi devan epi plan Gouvènè Hochul pou yon Penn Station revitalize ap mennen nou pi pre jis pou akonpli sa. Plan Pwojè Jeneral la pral non sèlman amelyore vwayaj pou plizyè santèn milye moun - bay yon pi bon kalite lavi pou Nouyòkè yo - li pral elaji tou envantè lojman abòdab vil la epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans ekonomik ak enklizif. Atravè kontribisyon reflechi nan men sektè piblik ak prive yo, plan sa a alinye ak vizyon nou pou fè New York vin yon pi bon kote pou viv, travay ak vizit pou tout moun."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York, te deklare, "Jodi a reprezante yon lòt etap enpòtan ankò nan modènize ak revitalize Penn Station, yon pwojè ki pral kreye plizyè milye karyè klas mwayèn ak benefis pou Nouyòkè k ap travay di yo epi ki pral sèvi kòm yon katalizè pou retou sosyal ak ekonomik vil la ke yo ap tann depi lontan. Nou aplodi Gouvènè Hochul ak Majistra Eric Adams pou devouman fèm yo nan pwojè sa a epi nou rekonesan pou lidèchip yo pandan inisyativ kle sa a ap vanse. Manm nou yo pa ka tann pou yo travay avèk moun ki gen enterè yo ak patnè nou yo atravè endistri a pou finalman transfòme Penn Station an yon sant transpò ki ekzanplè ak fonksyonèl ke Nouyòkè yo merite epi ke yo ka vrèman fyè de li."

Carlo A. Scissura, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, New York Building Congress, te deklare, "Ak vòt jodi a, tout yon nouvo jenerasyon Nouyòkè pral rekòlte avantaj yon Penn Station ki revitalize. Sa a se youn nan priyorite enfrastrikti ki pi enpòtan nan dire lavi nou - pa gen okenn ipèbòl. Epi gras ak opinyon kòmantè solid, plan an bay plis avantaj toujou pou piblik la, ki gen ladan plis lojman abòdab, plis amelyorasyon domèn piblik, plis sèvis ak mwens dansite. San nou pa mansyone plizyè milye nouvo djòb ki te kreye ak ogmantasyon ekonomik yon Penn Station ak kominote ozalantou ki re-imagine pral bay pou tout rejyon an. Kounye a, ann kòmanse travay la epi bati pou lavni."

Direktè Komèsyal ak Sekretè Trezorye Konsèy Distri 9 nan Sendika Entènasyonal Pent ak Metye ki Alye (International Union of Painters and Allied Trades, IUPAT) yo Joseph Azzopardi te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan fè New York avanse pou pi devan ak nan amelyorasyon Penn Station ak redevlopman zòn ki antoure li a. Plan sa yo pral non sèlman bati zòn enpòtan sa a nan Vil New York, men li pral kreye travay ki byen peye epi ki soutni karyè. Konsèy Distrik 9 la pa ka tann pou nou travay ansanm pandan n ap kontinye revitalize New York epi konstwi yon chemen pou anpil Nouyòkè nan klas mwayèn lan."

Prezidan 32BJ an, Kyle Bragg, te deklare, "Si Nouyòkè yo ka dakò sou yon bagay, se ke Penn Station aktyèl la se yon dezòd. Jodi a se kòmansman yon nouvo chapit pou Penn Station epi li mennen New York nan yon etap pi pre estasyon li merite a. Mwen

remèsye Gouvènè Hochul paske li te pote vizyon li bay pwojè Penn Station lan ak paske li toujou asire ke travayè gen yon chèz bò tab la."

Sekretè Trezorye Egzekitif Konsèy Chapantye Distri Vil New York la, Joseph Geiger, te deklare, "Plis pase anvan, Vil Nouyòk bezwen yon investisman inik nan enfrastrikti pou repare plizyè deseni neglijan. Plan Gouvènè Hochul la satisfè obligasyon sa a ak plis ankò. Sa ki pi enpòtan, li pral kreye plizyè milye travay sendika ki byen peye e menm plis opòtinite aprantisaj pandan yon epòk kote nou pi bezwen li. Nan kèk k ap vini, lè moun pral mande, 'Kijan New York te kòmanse rekonstwi klas mwayèn li an?' Se pral moman sa a yo pral montre."

Direktè Komèsyal Laborers Local 79, Michael Prohaska, te deklare, "Plan sa a pou ranje Penn Station se yon plan pou tout Nouyòkè yo, epi nou kontan wè li ap vanse. Gras ak Gouvènè Hochul, pwojè sa a pral finalman bay pasaje yo yon nouvo Penn Station amelyore epi bay lavi nan katye ki ozalantou a - tout avèk èd travayè sendika a. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Gouvènè a, ofisyèl lokal yo ak eta yo, ak frè ak sè nou yo nan mendèv la pou delivre yon Penn Station ke Nouyòkè yo ka fyè de li."

Prezidan Patenarya 34th Street (34th Street Partnership) la, Dan Biederman, te deklare, "34th Street Partnership la kontan anpil akòz apwobasyon Akò PILOT Vil la ak Eta a. Plan Gouvènè a ki te rann amelyorasyon yo prevwa yo posib pral transfòme eksperyans vwayajè nan ak ozalantou estasyon an nan ogmante aksesibiite ak amelyore kondisyon lari yo, yon chans inik pou bay New York sant transpò modèn li merite a. Avèk dènye amelyorasyon nan Moynihan Train Hall, Manhattan West, Penn 1, ak Penn 2, zòn ozalantou Penn Station lan deja ap transfòme epi nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak PACB pou lidèchip yo nan fè pwojè sa a avanse pou pi devan nan kad vizyon odasye sa a."

James Whelan, Prezidan Real Estate Board of New York la, te deklare, "Plan sa a pral bay Nouyòkè yo Penn Station modèn yo merite a - epi li pral bay bon jan kalite espas biwo miks, lojman ki nesèsè anpil, ak amelyorasyon domèn piblik pou sipòte yon distri pou viv-travay-jwe ki dinamik ki kenbe Vil New York konpetitif. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Komisyon Kontwòl Otorite Piblik yo paske yo te franchi yon lòt etap enpòtan pou fè vizyon sa a reyalize epi nou pa ka tann pou nou wè Nouyòkè yo jwi sant transpò agrandi a, nouvo lojman abòdab ak sipò, ak anpil travay k ap sounti fanmi ki pral vini ak li."

Prezidan Komès Chanm New Bronx (New Bronx Chamber of Commerce) lan, Lisa Sorin, te deklare, "Vòt jodi a se yon etap enpòtan nan direksyon pou amelyore lavi Nouyòkè k ap travay yo. Pandan plizyè ane, rezidan Bronx yo te fè fas a tren ki gen twòp moun, reta ak pèt salè kòz ensifizans Penn Station yo. Avèk GPP a, tout bagay chanje ak mwens konjesyon, aksè amelyore, nouvo koneksyon entèmòdal ak yon katye ki ozalantou k transfòme pou amelyore eksperyans vwayaj la yon fason konsiderab. Nouvo Penn lan pral santre ekite, aksè ak amelyore kalite lavi pou plizyè milye rezidan Bronx yo ki konte sou li chak jou."

Tom Grech, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Chanm Komès Queens lan, te deklare, "Nan non asosyasyon biznis pi ansyen ak pi gwo nan Queens, mwen aplodi Gouvènè Kathy Hochul ak ekip la nan Empire State Devlopman pou vizyon yo nan transfòmasyon Penn lan an yon sant transpò piblik klas mondyal ki mete pasaje yo an premye. Vòt Komisyon Kontwòl Otorite Piblik la jodi a se yon etap enpòtan pou fè vizyon sa a vin yon reyalyte. Garanti ke mendèv nou an gen aksè ak transpò piblik ki fyab enpòtan anpil pou avni vil nou an, eta ak ekonomi rejyonal yo. Noun pa ka tann pou kontinye travay ak Gouvènè Hochul asire ke sa biznis nan New York yo ka kontinye grandi, boujonnen ak kreye travay pou Nouyòkè yo."

Justin Rodgers, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Jamaica Development Corporation, te deklare, "Pou vwayajè yo nan Anbalai; Jamaica ak Sidès Queens, Penn Station te toujou yon obstak pou nenpòt vwayaj nan Midtown. Vòt jodi a pou adopte GPP transfòmasyon Gouvènè Hochul la - ki se yon vizyon ki mete vwayajè yo an premye ki fèt ak anpil atansyon ak opinyon gwoup kominotè ak ofisyèl eli yo pou kreye yon estasyon ak distri ki pi dirab ak efikas. Amelyorasyon sa yo pral benefisye dirèkteman kominote nou yo nan Sidès Queens lè yo redwi tan trajè yo, amelyore kalite lavi nou epi ede revitalize tout ekonomi vil la."

Rebecca Sanin, Direktris Egzekitif Jeneral, Konsèy Sante ak Welfè (Health and Welfare Council) nan Long Island, te deklare, "Jodi a, Nouyòkè yo nan yon etap ki pi pre pou yo resevwa yon envestisman transfòmasyon nan sant transpò piblik ki pi chaje nan peyi nou an. Penn Station depi lontan te inadewa yon fason terib nan sa ki ge pou wè ak aksesibilite, espesyalman pou granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo. Mwen kontan anpil pou amelyorasyon ki nesèsè depi lonta ke Gouvènè Hochul te pwopoze pou Penn Station lan pou amelyore aksè ak amelyore ekonomi mityèl ant Long Island ak NYC pou tout moun ki vwayaje pou travay, lwazi, aksè ak swen medikal, edikasyon ak opòtinite."

Kyle Strober, ki se Direktè Egzekitif, Association for a Better Long Island lan, te deklare, "Gouvènè a angaje nan sa ki kapab sèlman dekri kòm yon efò istorik pou rekonstwi ak revitalize Penn Station pou li vin tounen yon bagay ke pasaje yo, vwayajè yo, ak tout Nouyòkè yo ka fyè de li. Rejyon an pral rekòlte avantaj yo pou jenerasyon k ap vini yo literalman. Li enpòtan pou modènize ak rekonfigire Penn Station yon fason efikas pou li kapab akomode bezwen yon vil 21èm syèk la ki bezwen rete kapital ekonomik mond lan. Moun Long Island yo pral evidamman benefisye nan kad pwojè sa a menm jan tou avni pataje nou an antanke Nouyòkè yo."

John Cameron, ki se Prezidan, Konsil Planifikasyon Rejyonal Long Island lan (Long Island Regional Planning Council), te deklare, "Vòt sa a se yon gwo viktwa pou plizyè milye moun Long Island yo ki vwayaje pou ale nan Penn Station chak jou. Yon Penn Station revitalize, asosye ak yon nouvo sal datant LIRR, pral asire moun Long Island yo gen yon vwayaj ki pi fasil. Gras ak opinyon enpòtan ki soti nan men moun ki gen enterè yo, distri ki ozalantou a pral tou yon sant transpò ki pi an sekirite, ki pi vibran e ki pi pratik pou transpò pase anvan. Sa a se avni moun Long Island yo merite a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418